of technology in education. It discusses the challenges faced by teachers and offers recommendations for improving teaching methods, adapting educational materials, and organizing the learning process.

УДК: 494.3-/46

НЕМИС ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛЛЕРИНДЕГИ ЎАҚЫТ РӘЎИШЛЕРИНИҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Н.Хамидов – *ф.и.к., доцент*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: грамматика, технология, сўзлар, бирликлар, таржима, дарс жарёни, қиёсий ўрганиш, хорижий тил.

Ключевые слова: грамматика, педагогическая технология, слова, единицы, перевод, процесс урока, сравнительное изучение, иностранный язык.

Key words: grammar, pedagogical technology, words, units, translation, lesson progress, comparative research, foreign language.

Шет тилин үйрениў менен биргеликте олардың келип шығыў тарийхын басқа тиллер ямаса ана тили менен салыстырмалы түрде изертлеў ҳәзирги ўақытта әҳмийетли болып, оның күннен-күнге өсиўине байланыслы оларды тереңирек изертлеп үйрениў зәрүрликлерин келтирип шығарады.

Рәўишлер немис ҳәм қарақалпақ тиллеринде лексика грамматикалық категория сыпатында өз алдына мәнили сөз шақаплары топарына тийисли. Рәўиш болып келген сөз барлық тиллердегидей еки тилде де бәрҳама ис-ҳәрекет ҳәм предметлик белгини аңлатып келеди. Сондай-ақ, рәўиш категориясы салыстырылып атырған тиллерде де өз алдына жеке сөз шақабы деп қабыл етилген.

Салыстырылып үйренилип атырған немис ҳәм қарақалпақ тиллериндеги ўақыт рәўишлериниң ҳәр қыйлы морфологиялық формаларының қалай жасалыўына ҳәм өзгешеликлерине итибар қаратамыз. Сондай-ақ, ўақыт рәўишлери еки тилде де ис-ҳәрекеттиң жүзеге келиў ўақтын ямаса мезгилин билдиреди екен. Олар еки тилде де морфологиялық формалары бойынша дерлик бирдей деп есаплаўға болады. Себеби, салыстырып үйрениўдиң әҳмийетинде бир қанша мағлыўматларға ийе болғанымыздай олар көбинесе ис-ҳәрекеттиң бурын яки жақын ўақытта болғанын, яки белгили бир ўақыт бөлегин көрсетеди. Мысалы: Jch komme **morgen.** Мен **ертең** келемен. **Zuerst** gehen wir zur Universität. **Алды менен (дәслеп)** биз университетке барамыз. Ich kann **schon** fließend deutsch spreche. Мен **қашшан** немис тилинде сөйлей алатуғын болдым.

Еки тилдеги ўақыт рәўишлериде басқа (сын, себеп, муғдар-дәреже ҳәм т.б.) рәўишлерге қарағанда көбирек ушырасады.

Қарақалпақ тилиндеги айырым ўақыт рәўишлери **бир** сөзи менен ҳәр қыйлы атлық сөзлердиң дизбеклесиўи арқалы ис-ҳәрекеттиң белгисиз абстракт ўақтын билдирип те келеди. Мәселен: **бир күни**, **бир жола**, **бир мезгилде**, **бир мәҳәли**, **бир ўақытта**, **бирден** ҳәм т.б.

Ал, немис тилиндеги санлық **+mal** ямаса **+malig** сөзи қосылып ис-ҳәрекеттиң бир ямаса ҳәр ўақытта ҳәм арасында иске асатуғынын билдиреди.

Мәселен: **einmall**, **manchmal** сөзлери көрип турғаныңыздай еки тилде де алдынғы сөзи санлық болғаны менен, ал олар ҳәр қыйлы ўақытты көрсетеди екен. Мысалы: Немис тилинде - **Einmal** faste er dein Nanu in der Tasche. Ал, қарақалпақ тилинде болса - **Бир күни** Сейдан ғарры әдеттен тыс ерте оянды.

Ўақыт рәўишлери турақлы сөз дизбеклери түринде де ушырасыўы мүмкин. Бундай формалар немис тилинде көбинесе әдебий тиллерде көп ушырасады. Айырым немис тилиндеги фразеологиялық сөз дизбеклерин аўдармалағанда, олардың қарақалпақ тилиндеги эквивалентлеринде табыўымызға болады. Мысалы: **im Hamdumdrehen** - көзди ашып жумғанша. **Von Jahr zu Jahr** - жылдан жылға ҳ.т.б.

Немис тилиндеги нақылларда да қарақалпақ тилиндеги эквивалент-лериндеги ўақыт рәўишлериниң сәйкес келиўин төмендеги мысаллардан көриўимизге болады. Мысалы: **Morgen**, **morgen** nur nicht heute, sagen alle Poulen Leute. Ериншектиң **ертеңи** таўсылмас. Was du heute kannst besorgen, das

verschiede nicht auf **morgen**. **Бүгинги** исти ертеңге қалдырма.

Тағы бир айтып өтетуғын нәрсе, бул қарақалпақ тилинде тийкар рәўишине киретуғын гейпара сөзлер көп мәнили характерге ийе. Шынында да ўақыт рәўишиндеги **илгери** сөзи контекстлерде бирде ис-ҳәрекеттиң орынланыў ўақтын билдирсе, бирде оның болатуғын орнында билдиреди. Немис тилинде бул рәўиштиң варианты жоқ есабы, не ушын деген сораў туўылыўы тәбийий. Себеби, немис тилинде **илгери** сөзи предлог ҳәм келбетлик ҳәм және **-em** орын септиги жалғаныў арқалы **vor kurzem** деген сөзди пайда етип рәўиш мәнисин береди. Бул жердеги айырмашылық **илгери** сөзиниң немис тилинде бир сөз тийкарында берилиўинде ҳәм және бир айта кететуғын өзгешеликлеринен бири айырым ўақыт рәўишлери немис тилинде бир сөз бенен берилсе, ал қарақалпақ тилинде бир неше сөзлер менен берилиўи мүмкин.

Немис тилиндеги ўақыт рәўиши Adverbien der Zeit деп аталып, қарақалпақ тилиндеги ўақыт рәўиши сыяқлы ис-ҳәрекеттиң жүзеге келиў ўақтын ямаса мезгилин билдиреди: wann? -қашан?, wie lange -қашанғаша?, wie oft? -қанша ўақытта?, bis wann? -қашанға шекем?, seit wann? -қашаннан бери? сораўларына жуўап береди ҳәм оларға мына ўақытлық мәнини билдириўши сөзлер киреди: bald, immer, oft, heute, gestern, morgen, abends, jetzt, schon, lange, langst, spät, nachts, täglich, jährlich, früh, erst, damals, einst, einstweilen, vorkurzem, dann, u.s.w.

Немис тилиндеги ўақыт рәўишлериде әдетте ҳәр қыйлы морфологиялық формаларда болыўлары мүмкин. Мәселен: Сөзлер дара формасында турып, ўақыт рәўиши болыпта келеди: jetzt, anfang, immer, heute, morgen, zuerst, bald, schon, oft u.s.w. Мысалы: Und wenn sei **morgen** Madame Henriette, sagen wir in Nizza, begegnen wurden,... (S.Zweig. Novellen). Яқшы, **ертең** сиз Фрау Хенристтаны Ниццада . . . көрип қалсаныз, ... (С.Цвейг. Новеллалар). **Zuerst** gehen wir ins Institut. **Дәслеп** биз институтқа барамыз.

Бундай формалардағы рәўишлердиң биреўлери ис-ҳәрекеттиң бурын ямаса жақын ўақытта болып өтилгенин дәл анық көрсетип берсе, ал айырымлары болса оның үзликсиз болып турағуғынлығын, гейпаралары шамалапта көрсетеди. Немис тилиндеги ўақыт рәўишлери ушын тән қәсийетлердиң тағы бири бул тийкар рәўишлерге ҳәр қыйлы аффикслер жалғаныўы арқалы ўақыт рәўиши мәнисин береди. Мәселен:

1) Атлықтан жасалған ўақытлық мәни аңлатыўшы рәўишлер: täglich, ehrlich, heutige, morgen, jetzt u.s.w. Мысалы: Vielleicht wirst du ihn **täglich** sehen. Балким, сен оны **күнде** көрерсең (S.Zweig. Novellen). Schreiben Sie bitte, das **heutige** Datum an die Tafel sagte der Lehrer. Муғаллим **бүгинги** сәнени тахтаға жазың - деди.

2) am Morgen, im Winter, in der Nacht, am Samstag, am Abend - бул ўақыт рәўишлери атлықтың алдында предлог - артикл формасы менен жасалып ўақыт рәўишлери болады. Мысалы: Ich gehe nach Hause **am Morgen**. Мен **азанда** үйге бараман. Бундай ўақыт рәўишлери көбинесе ўақыттың белгили бир шекленген бөлегин билдирсе, ал айырымлары оның конкретлигин көрсетеди.

3) Септик қосымталары арқалы, әсиресе генетив септигиниң күшли септелиўинде **-s** аффикси қосылыў нәтийжесинде немис тилинде ўақыт рәўишлери жасалады: morgens, abends, besonders, mittags, nachts, nachmittags u.s.w. Мысалы: Ich will ihr heute **abends** ein Opfer bringen, damit sie wieder freundlich zu uns ist. Усы жерде айта кететуғын бир нәрсе **-s** аффикси айырым ўақытлары тек ғана генетив септигиниң қосымтасы болып калмастан, ал немис тилиндеги рәўиш жасаўшы аффикс ролинде де қолланылады ҳәм кең түрде рәўиш жасайды: rechts, links, besonders, damals u.s.w. Мысалы: Das Gebäude **rechts** ist unsere Universität. **Damals** war er noch klein. Усы ўақыт рәўишлериде ўақыттың белгили бир шекленген бөлегин билдирип келсе, ал қарақалпақ тилинде ўақытлық мәнини билдиретуғын **түнде**, **азанда**, **кеште**, **сәҳәрде** ҳәм **түсте** қусаған сөзлердиң басым көпшилиги алмасықларға оғада жақын болып келеди. Сол ушын оларды тек ғана бир сөз бенен емес, ал бир неше сөз бенен басқа формаларда да көрсетиўге болады. Мәселен: heute - an diesem Tag, morgen - am 1. September, dann - nach der Arbeit u.s.w.

4) Атлық, келбетлик, рәўиш ҳәм тағы да басқа сөз шақапларының түбирине **-ens**, **-lings**, **-lich**, **-mal** сыяқлы сөз жасаўшы қосымталар жалғанса да ўақыт рәўишлери болады: täglich, erstens, nächstens, vorwärts, nochmal, meistens, lieblings u.s.w.

Ҳәр қыйлы сөзлердиң жупласып ҳәм дизбеклесип келиўинен ўақыт рәўиши жасалады: nach und nach, dann und wann және булардан тысқары атлық пенен рәўиштиң дизбеклесип келиўлери ушырасады. Мәселен:

am Morgen früh - **азанда ерте**, am Abend spät - **кеште кеш**, heute zu Mittag - **бүгин түсте**, gestern am Abend - **кеше кеште**, nachmittags - **түстен кейин**. Бундай рәўишлер көбинесе ис-ҳәрекеттиң анық ҳақықый ўақтын билдиреди. Мысалы: Er geht **heute am Abend** zu seinem Vater. Ол **бүгин кеште** атасыникине (атасы алдына) барады.

Сондай-ақ, ўақыт рәўишлерин атлық ҳәм алмасықлардың дизбеклесип келиўинен де табыўымызға болады. Мәселен: **an diesem Tag**, **zu dieser Zeit**.

Немис тили грамматикасында ўақыт рәўишлерине төмендегише тәрийп бериледи:

а) Анық ўақытқа қатнаслы рәўишлер: der Zeit, heute, gestern, morgen, jetzt, nun, (so)eben, noch, abends, mittags, nachts u.s.w.

б) Анық емес ўақытты билдириўши рәўишлер: dann und wann, immer, nie, jederzeit, letztens, bisweilen, einstweilen u.s.w.

в) Қалған ўақыт рәўишлериниң барлығы ўақыттың точкасына байланыслы болады: einher, schon, mittlerweise, unterdessen, indessen, anfangs u.s.w.

Немис тилинде ақыры **-e** менен питкен ўақыт рәўишлери ески немис тилинде аз ушырасады. Ол тек ғана айырым сөзлерде ғана ҳәзиргеше ақыры **-e** формасында сақланып қалған. Шынында да бул пикирге қосылыўға болады, себеби олар онша көп қолланыў мүмкиншилигине ийе емес, ал олар тек ғана санаўлы түрде. Мәселен: **balde**, **ferne**, **gerne** - сөзлеринде ғана ушыратыўға болады. Мысалы: Warte nur, **balde** ruhest von Jahr (Goethe). Nein, nein; nie wandelt oft und **gerne** nur Kirche hin, ob schon sei **ferne** (W.Busch).

Ал, келбетликлерден жасалған рәўиш сөзлерден тек ғана **lange**, **stille**, **alte** қусаған санаўлы сөзлерде бүгинги күнге дейин ақыры **-e** менен сақланып калған ҳәм булар ҳәзир жийи-жийи қолланылады. Мысалы: Guten Mond, du gehst so **stille**... Nu, wie der wird so kalte... (Scheffel).

Рәўиш синтаксислик хызмети бойынша пысықлаўыш болып, көбинесе ис-ҳәрекеттиң ҳәр қыйлы ҳал жағдайына байланыслы белгилерин көрсетеди: ўақытлық, орынлық, муғдарлық, сынлық, себеплик сыяқлы сөзлерди билдиреди. Мысалы: Viel Fahre **später** im Jahre 1989, sucht ein Mann die Parzelle (G.N.Baumert). Бул көрсетилген мысалда **später** сөзи ўақыт пысықлаўыш болып тур.

Басқа сөз шақаплары сыяқлы рәўиште сувстантивлесиў (атлықласыў) қәсийетинеде ийе болады. Мине усы себепли немис тилиндеги айырым рәўишлер әсиресе ўақыт рәўиши гәпте атлықтың атқарған ўазыйпасын орынлап келеди. Мысалы: Sie kannten kein **Gestern** und **Morgen**, sie lebten nur diesen Tag (Die Lungert Bergleute). Бул мысалдағы қара сөзлер атлық болғаны менен ўақыт рәўиши мәнисин берип келген, себеби ис-ҳәрекеттиң белгили бир шекленген ўақтын көрсетип, ўақытлық мәнисин аңлатып тур.

Сондай-ақ, немис тилинде ўақыт рәўишлерин нақыл-мақалларда да көплеп ушыратыўға болады. Мысалы: **Morgen**, **morgen** nur nicht **heute**, Sagen alle Poulen Leute. Was du **heute** kannst besorgen, das verschiede nicht auf **morgen**, jede Kuh ist früher ein Kalb gewesen. Der Stil von **Morgen**. **Heute** rot, **morgen** Tod.

Ўақыт рәўишиниң ишинде алмасыққа жақын болған **jetzt** - **damals** сөзлери ҳәм олардың синонимлери. Бул ҳаққында айырым мийнетлерде толық көрсетилген. Булар екеўиде ўақытты билдиреди, ал бирақ олар арасында парық бар, себеби **jetzt** бул ҳәзирги ўақытта болып атырған ис-ҳәрекетти билдирсе, ал **damals** бул өткен ўақыттағы ис-ҳәрекетти билдиреди. Бирақ гәпте келгенде екеўиде қәлеген бир конкрет, анық ўақытты анықлап бериўи мүмкин. Мысалы: **Jetzt** im Winter. **Ҳәзир** қыс. **Damals** am 1. September 1999 Jahre. Сонда (**сол ўақытта**) 1-сентябрь 1999-жыл еди.

Сондай-ақ, **damals** рәўишиниң синонимлери: einst, träger, ehemals u.s.w., ал **jetzt** рәўишиниң синонимлери: gegenwärtig, heutzutage u.s.w.

Сондай-ақ, алмасық характерге ийе болған рәўишлерге **heute**, **morgen**, **gestern** рәўишлеринде киргизиўге болады, бирақ **jetzt** - **damals** сөзлерине қарағанда жүдә ҳәм анығырақ қолланылып, қандай да бир дәл ўақытты көрсетеди. Яғный туўры мәнисинде алатуғын болсақ, олар таяныш сөз бөлеклерин билдиреди. Автор айтып атырған романда ўақытты ямаса ис-ҳәрекет болып атырған ўақытты, өткен ис-ҳәрекет ўақтын, яки болмаса келеси болатуғын ис-ҳәрекет ўақтын көрсеткен. Мысалы: **Heute** (**jetzt**) singt man neue Lieder. Die Frau von **heute**. Deine Ansichten sind von **gestern**. Бул мысалларда идиомалық сөзлер менен келтирилген ҳәм ақыллы адам мәнисинде салыстырылған.

Немис тилиндеги ўақыт рәўишлери қаншама дәрежеде күшли болса, ал мәҳәл формаларын аңлатыўда соншама дәрежеде жәрдем береди, сонадай-ақ, оларды анықлаўды жеңиллестиреди. Булардың жәрдеми менен контекст-лерде презенс, сондай-ақ, келер ҳәм

өткен мәҳәл формаларында аңсат табыўға болады. Мысалы: Wenn aber **späterhin** der Liebende sein. Mädchen verloren hat, dann kommt er wieder zu der wohl bekannten Linde und **jetzt** und weint (H.Heine. Ideen).

Сонлықтан салыстырыўды тил материалын изертлеўдиң (үйрениўдиң) универсал усылы деп есаплаўға болады. Бул шынында да анық ҳәм туўры келетуғын дәлил, себеби методистлер ҳәм аўдармашылар ушын әмелий пайдасы оғада үлкен.

Бул изертлеўдеги материаллар еки тилдеги сөзликлердеги сөзлердиң грамматикалық характеристикасының раўажланыўына үлкен үлес қосады, сондай-ақ, илимий ҳәм әмелий мийнетлердиң авторларына кең қолланыўына мүмкиншилик жаратып береди. Кейинги ўақытлары ҳәр қыйлы системасындағы тиллерди типологиялық-салыстырмалы метод пенен үйрениў тараўында көплеген жеке жумыслар пайда болды.

Улыўма айтқанда немис ҳәм қарақалпақ тиллериндеги рәўишлердиң келип шығыўы ҳәм оларды еледе тереңирек салыстырып үйрениў нәзерий ҳәм әмелий жақтан үлкен әҳмийетке ийе.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Мирсоатов Т.З. Deutsche Grammatik. (Morphologie). -Т.; 1987, 231-бет.
2. Курбанбаев А.К. Сопоставительная грамматика немецкого и каракалпакского языков. Морфология. -Н.; 1989, 230-бет.
3. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. -Н.; 1974, 218-бет.
4. Ҳәзирги заман қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. -Нөкис, 1994.
5. Ярцева В.И. Сопоставительно-типологическое исследование в области синтаксиса. -Л.; 1973.

РЕЗЮМЕ. Ушбу мақолада немис ва қорақалпоқ тиллари ўзининг генетик жиҳатидан ҳар хил гуруҳларга мансублиги ва ўзига хос хусусиятлари бўлиши табиий. Шунингдек, равиш категорияси қиёсланаётган тилларда ҳам якка сўз таркиби деб ўрганилган. Қиёсланиб ўрганилаётган немис ва қорақалпоқ тилларидаги вақт равишларнинг ҳар хил морфологик шаклларининг қай тартибда қўлланиш ўзгачаликларига эътибор қаратилган. Улар икки тилда ҳам морфологик шакллари бўйича деярли бирдек деб ҳисоблашга бўлади.

РЕЗЮМЕ. В данной статье рассматривается взаимосвязь генетических сторон наречия немецкого и каракалпакского языков на различных лексико-грамматических группах. А также изучается категории наречии в сопоставляемых языках и состав порядка слов. На статье обращается внимание использование различных морфологических форм наречие времени в немецком и каракалпакском языках. Обоих в сопоставляемых языках по морфологической форме считается одинаковым.

SUMMARY. The article views the interrelations of adverb genetic varieties of German and Karakalpak languages in different lexica-grammatical groups. The attention will be paid to varieties of usage order of various morphological forms of time adverbs in the German and Karakalpak languages being comparably studied. They are thought to have same morphological forms in the both languages.

ROBOT JURNALISTIKAǴA BAYLANÍSLÍ ILIMIY BOLJAWLAR

Jartibaeva Biybisara Kuwanıshbay qızı – *magistr*
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

Tayanch so‘zlar: jurnalistika, sun’iy intellekt, robot jurnalistika, avtomatlashtirilgan jurnalistika, interaktiv multimedia, texnologiya, fikrlar, farazlar, nuqta’yi nazarlar, maqala, informatsiya, jurnalistik ijod.

Ключевые слова: журналистика, искусственный интеллект, роботизированная журналистика, автоматизированная журналистика, интерактивные мультимедиа, технологии, мнения, гипотезы, точки зрения, статья, информация, журналистское творчество.

Key words: journalism, artificial intelligence, robotic journalism, automated journalism, interactive multimedia, technology, opinions, hypotheses, perspectives, article, information, journalistic creativity.

Insaniyat xızmetiniń túrli tarawlarına informaciyalıq texnologiyalardıń kirip keliwi rawajlanıw proceslerine nátiyjeli tásir kórsetpekte. Búgingi kúnge kelip xabar texnologiyaları hám internet dáwir kórinisin belgilewshi zamanagóy birlemshi qurallar qatarınan orın aldı. Bul